

**CITRA WANODYA TANDHAK TAYUB SAJRONE NOVEL LEDHEK SAKA ERENG-ERENGE  
GUNUNG WILIS ANGGITANE TULUS S  
(Tintingan Feminisme Liberal)**

**INGGIN ARDINA WAHONO PUTRI**  
Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah  
Fakultas Basa lan Seni  
Universitas Negeri Surabaya

Inggin94@gmail.com

**ABSTRAK**

Novel kanthi irah-irahan *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis anggitane Tulus S* menehi gegambaran ngenani panguripane wanodya kang nduweni tekad luhur kanggo nguri-uri kabudayan tinggalane leluhure. Kanthi rasa bombong dheweke tetep njejegake kiprahe wanita tandhak tayub ing satengahe masyarakat kang ora bisa nampa marang kesenian kasebut. Saben pacoban diliwati kanthi rasa sabar lan eklas, senadyan ta abot dheweke tetep ngupaya kanggo mbuktekake menawa tandhak kuwi tuhu wanita kang suci.

Panliten iki nggunakake tintingan feminismne liberal lan metodhe panliten dheskriptif kualitatif. Underane panliten, yaiku: 1) Kepriye panguripane wanodya tandhak tayub sajrone novel; 2) Kepriye perjuwangane wanodya tandhak tayub supaya bisa mapan ing masyarakat sajrone novel; 3) Kepriye citrane wanodya tandhak tayub kang kagambar sajrone novel. Tujuwan saka panliten iki, yaiku: 1) Ngandharake gegambaran panguripane wanodya tandhak tayub; 2) Ngandharake kepriye perjuwangane wanodya tandhak tayub supaya tetep bisa mapan ing masyarakat; 3) Ngandharake citrane wanodya tandhak tayub ing masyarakat kang kagambar sajrone novel. Dene paedahe panliten, yaiku: 1) Tumrap bidhang sastra Jawa modern; 2) Tumrap pamaos; 3) Tumrap panliti liyane.

Asil saka panliten iki nuduhake gegambarane wanodya ledhek sajrone novel. Mawas saka panliten kang wus ditindakake bisa didudut menawa sajrone panguripane Lastri bisa diperang kanthi loro yaiku panguripan nyenengake lan panguripan nyengasarakake. Kanggo njaga eksistensi satengahe masyarakat Ledhek Lastri migunakake cara antarane cara kang logis lan ora logis. Menawa Citra wanodya ledhek kang kagambar sajrone crita uga diperang kanthi loro yaiku crita dhiri lan crita sosial. crita dhiri mawas saka gegambaran ragane Ledhek Lastri lan konflik batin kang dirasakake. Dene crita sosial mligi ing pamawase kulawarga lan masyarakat ngenani Ledhek Lastri. Nanging merga masyarakat nduweni pamawase beda-beda, mula crita masyarakat kagolong kanthi apik lan uga ala.

**UNESA**  
**Universitas Negeri Surabaya**

Tembung Wigati: Feminisme Liberal, Patriarkhhi, Citra Wanodya

## PURWAKA

### LANDHESANE PANLITEN

Indonesia minangka Negara kang duweni maneka warna suku, ing antarane suku Jawa. Kayadene suku liyane, suku Jawa uga nganut sistem patriarkhi. Masyarakat kang nganut sistem patriarkhi iki sajrone panguripane mapanake priya ing papan lan panguwasan *dominan* tinimbang wanodya (Mulawarman, 2016: 32). Miturut Millet sajrone Mulawarman (2016: 33) kulawarga menehi kontribusi kang paling gedhe marang kawujude budaya patriarkhi. Kultur patriarkhi sajrone kulawarga kang turun-temurun, nuwuhake pambeda tumindak marang wanodya kang ditindakake dening para wong tuwa. Tumindak iki tansah ndadekake kaum wanodya kangelan nalika nggayuh kawruh kang luwih. Laras karo miturute Millet sajrone (Rokhmansya, 2016: 34) Sistem iki nuwuhake kahanan tumrap wanodya kanggo antuk panggaweyan kang luwih cendhek. Kejaba panggaweyan, pendhidhikan uga bisa menehi pangaribawa kang gedhe tumrap panguripane wanodya, tansaya dhuwur pendhidhikan kang ditindakake dening para wanodya, mula tansaya luhur drajat kang diduwensi dening wanodya kasebut.

Maneka warna panindes tumrap wanodya kang tuwuhanane budaya patriarkhi iki prnyata uga menehi pangaribawa tumrap reriptan sastra dening pangripta sastra Jawa. Karya sastra dhewe dumadi minangka wujud *dokumen* budaya lan tradisi saka masyarakat. Patriarkhi uga nuwuhake dumadine sastra-sastra kang asipat feminis, nyuguhake gagahe perjuwangan wanodya kanthi tujuwan ngangkat harkat lan martabate wanodya supaya bisa luwih apik lan ora dianggep kudu gumantung marang kaum priya ana sajrone masyarakat Jawa. Laras klawan andharane Ratna (2009: 116) faktor sejarah apadene kahanan ing sakiwa tengene melu urun kanggo nglairake sawijining karya sastra.

Adhedhasar pusat pangrembakane, sastra Jawa kagolong dadi telung periodhe, ing antarane yaiku sastra Jawa kuna, sastra Jawa Pertengahan lan sastra Jawa modern (Suwarni, 2014: 01). Merga novel kang didadekake objek panliten iki kalebu dening karya sastra modern, mula kang bakal dirembag mung sakupenge sastra Jawa modern. Sastra Jawa Modern yaiku sastra Jawa kang urip ing satengahing masyarakat nganti tumekane saiki (Darni, 2015: 04).

Sajrone novel bisa ngandharake bab-bab kang luwih omba, detail, lan komplek tinimbang cerkak (Nuryianto, 2007: 11). Karya sastra kang awujud novel minangka salah sawijine crita fiksi kang kawangun saka struktur kang komplek (Sugihastuti, 2010: 44). Unsur intrinsik kang mangun sajrone novel kayata plot, tema, pamaragan, lan lelandhesan kang luwih rinci sarta komplek. Dene unsur ekstrinsik novel nganani psikologine pengarang lan pangaribawa saka masyarakat sakupenge pengarang. Novel karya sastra Jawa modern uga akeh kang antuk pangaribawa saka kahanan budaya. Akeh pangripta kang bisa ngasilake novel basa Jawa kanthi tema-tema sosial kang gegayutan karo perkara wanodya.

Karya sastra kang diripta dening Tulus S ngemot bab wanodya, bisa dideleng saka novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* critane nganani emansipasi paraga wanodya kang kepengin nguri-uri budayane supaya tetep lestari senadyan tansaya kagerus majune jaman lan nyoba ngilangi panganggep ala tumrap para ledhek kang sasuwene iki tansah ngrembaka sajrone masyarakat. Bisa didudut menawa pangangit Tulus S iki minangka pangripta priya kang nengenake lan migatekake kalungguhan wanodya ing satengahe masyarakat. Kang luwih wigati, panjenengane wis nglungguhake wanodya minangka paraga-paraga kang bisa mandhiri, ndarbeni kelantikan lelabuhan lan drajat kang murwat ing madyaning bebrayan.

Laras karo andharan ing ndhuwur novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* bakal dianalisis nggunakake tintingan feminismme liberal. Feminisme kuwi dhewe yaiku teori kang gegayutan karo jinis *kelamin* sajrone masyarakat lan pambeda antara pengalaman-pengalaman kang dialami dening priya lan wanodya miturut Caroline Ramazanoglu sajrone Joanne Hollows (2010:4). Bab wanodya kang bakal dititi ing panliten iki yaiku nganani kepriye panguripan wanodya tandhak minangka wujud panganggepe pangripta tumrap wanodya tandhak tayub kang jumbuh karo kahanan ing jaman saiki. Wigatine saka panliten iki yaiku ngudhal bab perjuwangan lan citrane wanodya tandhak ing masyarakat kang kagambar ing sajrone novel LSEGW. Mula paniten iki diwenehi irah-irahan *Citrane Wanodya Tandhak Tayub ing Novel Ledhek saka Ereng-ereng Gunung Wilis Anggitane Tulus S.*

### UNDERANE PANLITEN

- 1) Kepriye panguripane wanodya tandhak tayub sajrone novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S?
- 2) Kepriye perjuwangane wanodya tandhak tayub supaya bisa mapan ing masyarakat sajrone novel *Ledhek saka Ereng - erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S.?
- 3) Kepriye citrane wanodya tandhak tayub kang kagambar sajrone novel *Ledhek saka Ereng - erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S.?

### ANCASE PANLITEN

- 1) Ngandharake gegambaran panguripane wanodya tandhak tayub sajrone novel *Ledhek saka Ereng - erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S.
- 2) Ngandharake kepriye perjuwangane wanodya tandhak tayub supaya tetep bisa mapan ing masyarakat sajrone novel *Ledhek saka Ereng - erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S.
- 3) Ngandharake citrane wanodya tandhak tayub ing masyarakat kang kagambar sajrone novel *Ledhek saka Ereng - erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S.

### PAEDAH PANLITEN

- 1) Paedah Tumrap Bidhang Sastra Jawa Modern minangka pawongan kang nduwensi pepengin luhur kanggo nguri - uri kabudayan. Saliyane iku panliten

- iki mugya bisa menehi kawruh lumantar pesen-pesen kang kinandut sajrone reriptan sastra.
- 2) Paedah Tumrap Pamaos minangka referensi kanggo nambah kawruh sajrone nliti karya sastra, lan bisa menehi pamawas kang amba uga jembar.
  - 3) Paedah Tumrap Panliti Liyane supaya bisa menehi pambiyantu marang panliti sajrone mungkasi maneka warna prakara kang ditliti saengga panliten iki bisa nambah wawasan panliten sajrone nintingi karya sastra kanthi nggunakake teori feminism.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Unsur Intrinsik Karya Sastra

Novel LSEGW anggitane Tulus S iki kawangun saka unsur intrinsik. Miturute Nurgiyantoro (2013: 14) unsur-unsur kang mangun sawijining novel yaiku kaya plot, tema, paraga-pamaragan, lan lelandhesan kang luwih cetha lan *kompleks* utawa bisa diarani *setting*. Nanging unsur intrinsik kang bakal diandharne kanthi gamblang ing bab iki mung unsur-unsur kang gegayutan karo analisis.

Miturut pamawas tradisional plot diarani alur utawa dalane crita kang mujudake crita ing sawijine karya sastra. Nurgiyantoro (2013: 165) uga ngandharake menawa plot ngandut unsur dalam crita utawa cethane plot minangka reroncene prastawa kang lakune susul-sumusul, nanging plot luwih saka saderma dalane crita. Plot uga kawangun saka saperangan trap-trapan kaya tetepangan, konflik, *penanjakan*, klimaks, antiklimaks, lan rampunge perkara. Reruntutane prastawa uga bisa diwiwiti saka ngendi wae, tegese ora kudu diwiwiti saka tetepangan paraga utawa setting.

Paraga-pamaragan uga perangan kang wigati kanggo nyengkuyung dumadine crita sajrone novel. Miturut Sudjiman sajrone (Budianta, Dkk 2003: 86) paraga yaiku individu rekaan kang ngalami prastawa utawa tumindak sajrone maneka prastawa ing crita. Paraga-paraga sajrone novel lumrahe disuguhake kanthi luwih cetha ing titikane fisik, kahanan sosial, wewatekan, status lan pakulinan kang dilakoni dening saben paraga. Antarane sawijine paraga lan watak utawa sipat kang digambarake minangka bab kang ora bisa dipisahake lan ana sambung rakete ing lakune crita ( Nurgiyantoro, 2013: 247).

Sajrone fiksi lelandhesan utawa *setting* ing antarane yaiku papan, wektu, lan sosial (Budianta,Dkk, 2003: 40). *Setting* papan kaiket karo ruwang wektu utawa panggonan dumadine crita tuladhane ing desa ngendi, kutha ngendi, negara ngendi lan liya sapanunggalane. Dene *setting* wektu kang ana sajrone novel yaiku prastawa kasebut kedadeyan ing wektu tartamtu kaya dina apa, jam pira, utawa sejarahe. Karya sastra wujud novel bisa nyuguuhake kahanan *setting* kanthi cetha saengga menehi gegambaran kang luwih jembar, *konkret*, lan pasti. Nanging sawijine crita kang kalebu apik lumrahe mung nyuguuhake detil-detil tartamtu sing dianggep perlu lan fungsional.

### Feminisme

Ing bidhang kasusastran feminism kerep diwastani minangka maneka warna teori kang gegayutan

karo jinis *kelamin* sajrone masyarakat. Aspek-aspek kang nyengkuyung laire feminismme antarane saka piwulangan agama, sosialis, lan kesamaan hak tumrap wanodya. Kanggo mungkasi ketinggalane wanodya Arbain (2007: 02) ngandharake menawa sajrone dhiri wanodya bakal tuwu pepinginan kanggo luwih ngrembakake prestasine sajrone mujudake kaprigelan kang nyata, laras karo kawruhan lan kaprigelan kang wus disinaoni.

Ollenburger (2002: 20) uga ngandharake menawa pangrembakane feminismme disebabake saka wanodya kang dilalekake, dianggep ringkih, disingkirake, lan dipaido dening disiplin-disiplin patriarkhi. Nilai-nilai tradisi kang ditindakake masyarakat Jawa iki bakal nyengkuyung pangrembakane tumindak ora adil marang wanodya. Saperangan kiprah kang disandhang sajrone dhiri wanodya ing masyarakat Jawa yaiku minangka ibu, bojo, objek seks, wanodya lajang, kenya, lan randha kang lagi kasepen. Mula Tintingan-tintingan *studi* wanodya kang diandharake dening saperangan *sosiolog* merang feminisme kaya dene feminisme radikal, feminisme liberal, lan feminisme sosialis (Ollenburger lan Moore, 2002: 21).

### Feminisme Radikal

Feminisme radikal minangka teori kang nganggup anane panindes tumrap wanodya tuwu saka sistem patriarkhi lan seksualitas. Laras karo panemune Anshori,dkk (1997: 23) yen pambda antara teori radikal feminis lan teori liyane yaiku saka panemune para radikal feminis kang nyethakake ngenani panindes tumrap kaum wanodya kuwi minangka sawijine perkara kang fundamental. Laras karo miturute Firestone sajrone Ollenburger (2002: 28) menawa panindesan tumrap wanodya kuwi adhedhasar biologis, awit wanodya kaiket dening proses nglairake lan nggulawentah anak-anake, bab iki kang gawe para wanodya tansah gumantung tumrap priya kanggo nyambung panguripane. Dene praktik sosial wujude *kekerasan* tumrap wanodya sajrone seksualitas bisa dideleng saka tinemune *perdagangan* wanodya, rudapeksa tumrap wanodya, pencabulan, slingkuh, kekerasan nalika pacaran, lan ditlantarakare.

Kaum feminis lesbian uga negesake yen kebebasan wanodya kanggo milih apa kang ana ing sajrone ruwang pribadine kayata milih seksualitas, nyiptakake kamungkinan kanggo mungkasi panindes individual uga panindes tumrap pawongan liya (Ollenburger, 2002: 29). Feminisme radikal uga nuntut ngenani hak kanggo nemtokake seks kang bisa dilakoni tumrap sapadha-padha wanodya utawa bisa diarani lesbi. Miturut Tong (1998:69) kanggo ngelompokake minangka pawongan feminis radikal, para feminis kudu yakin yen sistem seks utawa gender dadi punjere fundamental saka opresi tumprape wanodya.

### Feminisme Liberal

Aliran liberalisme yaiku pamikiran politik kang dadi punjer dumadine feminisme liberal (Tong, 1998:15). Feminisme liberal bisa dimangertenii minangka pamrayoga maneka perubahan sosial antarane ngupaya hukum kang padha antar jinis kelamin, ngupayakake opah kang padha ing bidhang panggaweyan, lan antuk

kalodhangan panggaweyan kang uga padha (Arshoni dkk, 1997: 24).

Nanging perlu digatekake yen ta sajrone feminismé liberal kuwi nampik anane radikalisme kaya kapitalis, kulawarga biologis, perkawinan monogami, lan ibu biologis kanthi asumsi menawa nggula wenthah anak kuwi tetep kudu dilakoni dening para wanodya (Anshori,dkk, 1994: 24). Mula kaum wanodya kudu diwenehi kalodhangan kanggo bisa ngrasakake sekolah kango dhuwur, ngrasakake dunya panggaweyan, uga bisa ngrembakake kaprigelan ing bidhang politik lan ekonomi. Kanthi upaya kango ditindakake dening para feminis liberal iki, bisa ngowahi sithik mbaka sithik panguripane wanodya kango Sasuwene iki gumantung marang priya. Para wanodya kasebut bisa urip mandhiri lan bisa nyukupi kabutuhan pribadine dhewe. Bab iki menehi bukti yen dhasar pamikirane kaum feminismé liberal yaiku saben wong lanang apa dene wanodya nduweni hak kango padha kanggo ngrembakake kaprigelan lan *rasionalitase* kanthi optimal. Saka andharan ing dhuwur bisa didudut menawa dumadine feminismé liberal iku saka anane diskriminasi lan ketimpang sosial ing bidhang jinis klamin.

### Feminisme Sosialis

Feminisme sosialis yaiku sawijine panemu bab sistem masyarakat (Anshori dkk, 1997: 22). Sajrone feminismé sosial sistem kapitalisme kuwi dianggep minangka wujud dominansine kaum priya. Dominasi kaum priya uga diarani sistem patriarkhi. Laras miturut Millet sajrone Rokhmansya (2016: 34) sistem patriarkhi bakal nuuhake panemu, wanodya antuk panggaweyan kango luwih asor tinimbang priya. Mula feminismé sosial uga negesake yen dumadine *fundamental* opresi tumrap wanodya kuwi dudu *kelasisme* utawa *seksisme*, nanging sawijine bab kango kaiket antarane kapitalisme lan patriarkhi (Tong, 1998:139).

Sistem kapitalisme sesambungan klawan sistem ekonomi kango menehi kalodhangan tumrap *pemilik modal* kanggo nglakokake bisnise kanthi bebas sajrone golek kauntungan. Kapitalisme nduweni sesambungan klawan patriarkhi kango ndadekake buruh wanodya lan seksualitas lumantar *penguwatan* lan pangrembakane ideologi kango ngrasionalisasekake panindese wanodya. Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen sistem kapitalisme nuuhake pangaribawa negatif tumrap kiprahe wanodya. Kanggo mbebasake wanodya saka budaya kasebut dibutuhake upaya kanthi cara mbusak sistem kapitalisme kango tansah ngrembaka.

### Diskriminasi

Diskriminasi ditegesi minangka pambeda tumindak pawongan tumrap pawongan liya utawa marang warga Negara (KBBI, 1991:334). Pambeda iki uga dumadi ing masyarakat jalaran saka sistem patriarkhi. Patriarkhi nuuhake diskriminasi lan dominasi priya tumrap wanodya. Diskriminasi uga mapanake wanodya ing papan *subordinatif* kango bisa menehi kalodhangan dumadine maneka warna tumindak deksiya tumrap wanodya (Darni, 2015:02). Salah sijine prinsip kango nganti saiki isih diugemi dening masyarakat

Jawa yaiku *nrima ing pandum*, prinsip iki nuuhake sikap kango pasif marang dhiri pribadine para wanodya Jawa nalika ngadhepi sawijine perkara. Saliyane kuwi uga mapanake wanita minangka makhluk kango ringkikh. Mula, wanita bangkit kanggo ngriptakake pendekatan khas wanodya kango ora kaiket karo pendekatan priya.(Suwarni,Sulistiani: 2016)

Diskriminasi ing *strata* sosial mligine pakaryan uga isih kerep dialami dening wanodya. Sajrone donya pakaryan ana saperangan wanodya sing upah kerjane dibedakake karo pakaryane priya. Saliyane kuwi tumindak diskriminasi tumrap wanodya ora mung winates dumadi ing lingkungan pakaryan, nanging uga ing lingkungan kulawarga mligine kulwarga patriarkhi. Budaya patriarkhi mapanake priya ing prioritas utama lan wanodya minangka makhluk kelas loro nuuhake gerakan kango sinebut feminismé. Saka anane gerakan feminismé dikarepake bisa ngewangi panguripan para wanodya kango antuk kamulyan lan kebebasan nemtokake pilihan pribadi sajrone uripe.

### Kiprahe Wanodya Mandhiri

Sistem budaya lan nilai-nilai tradisi kango isih diugemi masyarakat Jawa ndadekake wanodya urip kanthi winates aturan-aturan kango ditemtokake dening priya. Sistem budaya patriarkhi nuntut wanodya Jawa dadi wanodya kango meneng, manut marang printah, pasif, lan ngasorake awake dhewe kango nyengkuyung majune kaum priya. Bidhang-bidhang kango nyengkuyung dumadine wanodya kango nduweni pribadi tundhuk marang budaya patriarkhi kayata agama lan nilai-nilai tradhisi. Budaya patriarkhi kango ngrembaka ing bebrayan Jawa iki nuuhake rasa greget saka dirine wanodya kango merjuwangake apa kango dadi hak lan kalungguhane. Pepinginan kaum wanodya iki kawujud liwat madege gerakan feminismé. Gerakan iki uga ngowahi lan merbawani pamikirane wanodya ngenani bab pendhidhikan, awit pendhidhikan menehi peran kango wigati sajrone mujudake wanodya mandhiri (Darni, 2015: 33).

Tuwuhe gerakan feminismé iki uga ndadekake wanodya Jawa tansah antuk kanugrahan kango mujudake kaprigelan lan kemampuan. Wanodya kango nduweni peran mandhiri yaiku minangka wanodya kango gelem nyukupi kabutuhane dhewe kanthi ngupaya nyambut gawe. Miturut Arbain (2007: 05) kiprahe wanodya ing bidhang publik, bisa ngolehake asil kango awake dhewe saengga kanthi ekonomis, wanodya kasebut ora gumantung maneh marang kaum priya. Wanodya bakal nduweni prinsip kango cetha lan teges ngenani pepenginan kango mandhiri yen wanodya kasebut nduweni latar pendhidhikan kango nyukupi.

Wanodya mandhiri kango nyambut gawe ing bidhang publik nduweni kagiyatan kango teratur lan sinambungan ing wektu tartamtu. Ing sektor publik, reribet kango diadhepi dumunung ana ing panemu kango wis ngrembaka sajrone masyarakat yaiku ngenani wanodya minangka makhluk kelas loro lan ringkikh saengga nalika nandangi pakaryan, priya luwih dianggep mampu (Arbain, 2007: 04). Saliyane kuwi ing ndhuwur

uga dicethakake yen ta wanodya mandhiri ora bisa uwah sawutuhe karo kiprahe minangka wanodya tradisional.

### Kritik Sastra Feminis

Ing bidhang sastra, gerakan feminism diarani kritik sastra feminis. Kritik sastra iki dhewe nduweni tujuwan pengin mbiyantu supaya pamaca bisa mangerteni, dheskripsikake, nafsirake sastra lan menehi nilai marang karya-karya kang diripta dening pangripta. Perlu dimangertenih yen kritik sastra kuwi dudu pengritik wanodya, menehi kritikan tumrap wanodya utawa ngritik ngenani pangripta wanodya miturut Yoder sajrone Suharto (2005:05). Kritik sastra feminis bisa dimangertenih kanthi pangritik nintingi sastra nggunakake kesadaran kang mligi. *Kesadharan* menawa ana jinis klamin kang nduweni gegayutan karo budaya, sastra, lan panguripan. Kritik sastra minangka alasan kang kuwat kango ngambarake panemu menawa kaum wanodya bisa maca minangka wanodya, nripta minangka wanodya, lan nafsirake karya sastra minangka wanodya. Kritik sastra feminis mujudake sawijining dhisiplin ilmu kritik sastra kang lair minangka respon saka ngrembakane feminism ing masyarakat. Kritik sastra feminis nggambaraké citra wanodya sajrone sawijine karya sastra. Miturut Showalter kanthi kritik sastra feminisne nyoba ngandharake menawa pamaos wanodya bakal nggawa persepsi lan pangarep - arep sajrone pengalaman sastrane (Sugihastuti. 2005:67).

Kritik sastra feminis kaperang dadi loro yaiku *Women as Reader* lan *Women as Writer* (sajrone Darni 2007:39). *Women as Reader* (Wanodya minangka Pamaos) Kategori iki dirasa paling trep awit nggolongake wanodya minangka pamaos saka karya sastra. Ditegesake yen wanodya minangka konsumen tumrap karya sastra kang diasilake dening panulis priya. Cundhuk karo sumber dhata kang ditintingi ing panliten iki yaiku novel *Ledhek saka Ereng - erenge Gunung Wilis* kang minangka asil karya saka panulis priya yaiku Tulus S, mula konsep kang digunakake ing panlten iki yaiku konsep *women as reader*.

### METODHE PANLITEN

#### Ancangane Panliten

Andharan saka panliten ngenani *Citra Wanodya Pambeksa Tayub sajrone Novel Ledhek saka Ereng-Erene Gunung Wilis anggitane Tulus S* nggunakake metodhe kualitatif. Metodhe kualitatif yaiku metodhe kang digunakake sajrone panliten kang diwatesi dening fakta-fakta sosial. Metodhe kualitatif luwih migatekake ilmiah, dhata kang sesambungan karo konteks kang ana (Ratna, 2013: 47). Metodhe kualitatif nduweni tujuwan yaiku kango ngandharake sawijine bab kanthi cetha manut apa kang dikarepake panliti ing sajrone underane panliten, ananging metodhe iki kawatesan dening fakta-fakta sosial kang ana sajrone masyarakat. Metodhe iki dijilentrehake kanthi pendekatan feminis dheskriptif tegese dhata kang tinulis awujud andharan dheskripsi dudu arupa dhata kang isine angka-angka. Cundhuk karo miturut Arikunto (2010:27) panliten iki panliti ora

nggunakake angka sajrone pangumpulan dhata luwih ngenakena dening penafsiran tumrap asil panliten.

Panliten iki bakal ngandharake sakabehing dhata - dhata kang ana lumantar tulisan dheskripsi, mligine dhata kang mujudake samubarang fenomena lan kedadeyan tartamtu. Panliten kang migunakake metodhe dheskripsi yaiku panliten kang ngandharake sakabehing dhata-dhata kang ana, banjur digayutake karo kaperluwan, saengga bisa nyengkuyung panliten kang ditindakake dheskripsi minangka prosedhur pamecahe perkara kanthi nggambaraké utawa nglukisake kahanan subjek utawa objek panliten (Pawongan, lembaga, bebrayan, lsp) nalika pawongan adhedhasar fakta-fakta utawa kang katon apa anane (Siswantoro, 2010: 56). Saliyane kuwi metodhe analisis uga kanggo ing kajian feminis sebab sajrone ngandharake dhata kang ana ing karya sastra mbutuhake analisis supaya bisa tinulis kanthi cetha lan gamblang, dhata kang dikarepake kudu slaras karo prakara-prakara kang dialami dening wanodya sajrone novel jaman saiki. Dhasar pamikiran ing panliten sastra nduweni perspektif feminis yaiku minangka upaya mangertenih kalungguhan lan peran wanodya ing karya sastra (Endraswara 2007:146). Mula amrih panliti bisa menehi gegambaran kang jembar lan objektif ngenani citra wanodya sajrone novel *Ledhek saka Ereng-Erene Gunung Wilis* anggitane Tulus S, panliti bakal migunakake metodhe kualitatif dheskriptif.

Data kang bakal kaandhar kanthi dheskripsi ing panliten iki antarane yaiku dheskripsi ngenani gegambaran panguripane paraga wanodya kang minangka tandhak tayub sajrone novel *Ledhek saka Ereng-Erene Gunung Wilis*, Kepriye perjuwangan kang ditindakake dening wanodya tandhak tayub kanggo nggayah eksistensi sajrone novel *Ledhek saka Ereng-Erene Gunung Wilis*, ngandharake citra kang digambarake dening pangripta sajrone novel *Ledhek saka Ereng-Erene Gunung Wilis* anggitane Tulus S. Dhata-dhata iki bakal dianalisis lan digayutake karo keperluwan kanthi nggunakake sudut pandhange wanodya.

#### Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku bahan kang bakal ditliti ing sajrone panliten. Sumber dhata bisa arupa manungsa, piranti, kahanan, kedadeyan, lan tindak tanduk pawongan, saliyane kuwi arupa tulisan, gambar, grafik lan grafis (Arikunto, 2010:25). Ing panliten iki sumber dhata saka novel kanthi irah - irahan *Ledhek saka Ereng-Erene Gunung Wilis* anggitane Tulus S. Novel iki kandhele ana 151 kaca, dawane 20 cm, lan ambane 14 cm. Wujud werna samak kang disuguhake dening panganggit Tulus yaiku ireng lan direnggani gambar priya uga gambare wanodya ledhek lan priya pangibing. Karya sastra modern iki isih kacetak kaping pisan ing wulan Nopember 2016. Novel iki wutuh seratane Tulus S tegese dudu ringkesan utawa pethilan ananging isih awujud buku kang kacetak dening panerbit CV.Pustaka Ilalang Group. Dene CV.Pustaka Ilalang Group iki mapan ana ing Jl. Airlangga No.3 Sukodadi kutha Lamongan, cethane ana Jalan Raya Lamongan - Mantup 16 km Kedungsari Kembangbaru kutha Lamongan propinsi Jawa Timur.

### Dhata Panliten

Dhata panliten yaiku minangka objek kang digunakake ing panliten, gegambarane yaiku ngenani panguripane wanodya ledhek sajrone masyarakat jawa kang ana ing novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S. Dhata kang bakal ditintingi sajrone panliten iki yaiku tetembungan utawa ukara kang nggambaraké citrane ledhek sajrone masyarakat ing novel, panemu kang laras uga diandharake dening Ratna (2011:47) yaiku dhata panliten ing ilmu sastra kang minangka dhata formal arupa tetembungan, ukara lan wacana. Panliten iki bakal ngudal babagan kang mligi ana ing novel LSEGW antarane yaiku :

- 1) Dhata dheskripsi ngenani panguripane wanodya tandhak tayub sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-erenge Gunung Wilis*.
- 2) Dhata dheskripsi ngenani perjuwangane wanodya tandhak tayub supaya bisa mapan ing masyarakat sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-erenge Gunung Wilis*.
- 3) Dhata dheskripsi ngenani citrane wanodya tandhak tayub kang kagambar sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-erenge Gunung Wilis*.

### Teknik Pangumpulan Dhata

Tata cara pangumpulan dhata ing sajrone panliten kalebu dening perangan kang paling wigati awit gumantung saka pangumpulan dhata iki panliti bisa ngandharake asil lan dudutan panliten kanthi objektif lan gamblang. Miturut Arikunto (2010:266) yen sajrone pangumpulan data nganti ana kang kliru bakal merbwani dhata mligine dudutan bakal kliru. *Teknik pustaka* yaiku salah sawijine metodhe kang kerep digunakake kanggo panliten kualitatif, panliti ing bab iki uga nggunakake *teknik pustaka* minangka teknik pangumpulan dhatane kang nggunakake sumber dhata kang katulis ing kapustakan. Studi kapustakan sajrone panliten iki kalebu dening sastra jawa modern awujud novel kang migunakake basa Jawa.

Saliyane teknik pustaka kang digunakake, ing panliten iki uga nggunakake teknik waca lan cathet. Teknik iki ditindakake kanthi cara maca apa kang dadi sumber objek panliten, maca teks ing kene nduwensi tujuwan kanggo meruhi kepriye isine dhata, sawise kuwi menehi tengeran dening teks sing bisa manyengkuyung underaning panliten. Sakabehing teknik iki bakal digunakake saperlu ngudal apa kang dadi tujuwan panliten lan amrih nggampangake proses panlitene.

Ana saperangan trap - trap teknik pangumpulan dhata kang kudu ditindakake panliti nalika proses panliten. Antarane yaiku :

- 1) Milih lan maca novel kang dadi sumbere dhata, kaya kang wus diandharake ing ndhuwur menawa novel kang digunakake sajrone panliten iki yaiku *Ledhek saka Ereng - erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S. Trap - trapan kang kapisan iki milih lan maca tegese sabanjure milih novel kang dadi objek panliten, panliti bakal maca kanthi bola - bali supaya bisa mangerteni luwih jeru unsur - unsur kang arep dianalisis. Saliyane kuwi maca bola - bali uga

nduwensi tujuwan supaya panliti antuk pemahaman ngenani gegambran sajrone novel.

- 2) Nyathet Dhata bisa dimangerten *Inventarisasi data*. Nyathet dhata kang dikarepake ing kene yaiku panliti nyathet dhata - dhata slaras karo kabutuhan panliten, cethane kaya cuplikan - cuplikan kang ana gegayutane karo teori - teori cundhuk karo undheraning panliten ngenani citrane wanodya sajrone novel *Ledhek saka Ereng - erenge Gunung Wilis*.
- 3) Merang dhata bisa dimangerten *Klasifikasi dhata*. Klasifikasi data kang bakal ditindakake yaiku kanthi cara milah - milah data kang trep lan laras karo underaning panliten dene data kang ora slaras karo perkara kang dirembug ora bakal diudhal utawa dijilentrehake.

### Instrumen Panliten

Saben panliten tansah merlokake instrumen, mula ing kene bakal kaandhar ngenani instrumen panliten sajrone proses pangumpulane dhata. Instrumen panliten sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti kang bakal nindakake lan nintingi panliten iki.

### Teknik Analisis Dhata

Dhata kang wus diseleksi lan diperang-perang kanthi klompok tartamtu laras karo kriteria kang ditliti, banjur dhata kasebut tansah digarap dening panliti (Arikunto, 2010:278). Tata cara pangolahan dhata kang digunakake sajrone nganalisis novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S yaiku teknik dheskriptif analitik. Teknik dheskriptif analisis iki dhewe bisa dimangerten sawijine analisis kang ditindakake kanthi cara ngandharake *fakta - fakta*, anjur dianalisis miturut underaning panliten (Ratna, 2009:53). Kanthi migunakake teknik dheskriptif analisis iki, panliti bisa ngandharake asiling panliten kanthi cetha lan gamblang miturut objek panliten kang dipilih dening panliti. Saliyane kuwi panliten uga dikarepake bisa menehi gambaran kang *faktual* lan *akurat* sarta pemahaman kang linuwih. Tata cara nganalisis dhata ing panliten iki yaiku :

- 1) *Identifikasi* tegese sadurunge nganalisis dhata miturut underaning panliten, panliti tansah nindakake indentifikasi tumrap dhata panliten kang bakal dilaksanakake. Dhata kang di karepke yaiku dhata kang asipat primer uga sekunder. Dhata primer ing kene arupa novel *Ledhek saka Ereng - Ereng Gunung Wilis* anggitane Tulus S, dene dhata sekunder ing kene arupa buku - buku referensi, laporan panliten kang relevan karo undheran panliten.
- 2) Nglasifikasi dhata adhedhasar underaning panliten.
- 3) Nganalisis citrane wanodya pambeksa tayub sajrone novel *Ledhek saka Ereng - Ereng Gunung Wilis* anggitane Tulus S kanthi tintingan feminism. Sajrone panliten feminism iki mbuthuhake konsep kritik feminism.
- 4) Menehi dudutan asil analisis dhata adhedhasar analisis dhata sadurunge kang ngandarake feminism

novel *Ledhek saka Ereng - Ereng Gunung Wilis* anggitane Tulus S.

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### Panguripan Wanodya Tandhak Tayub

Dhiskripsi ngenani panguripan sawijining wanodya tandhak tayub kagambar kanthi cetha ana liwat paraga-paraga kang kerep metu sajrone novel *Ledhek saka Ereng-Ereng Gunung Wilis* reriptane Tulus S iki. Paraga-paraga kang ana sajrone novel yaiku Lastri, Widi, Ustadz Yusuf, Lurah Arif, Fery, Tomo, Pak Ahmad, Mbok Muh, Mbok Santri. Kanggo nggampangake panliten anggone nganilisis dhata kang bakal nyengkuyung marang dumadine panliten, panliten merang underaning asiling panliten kanthi telung perkara kaya kang wus ditemtokake. Ing underan asiling panliten kaping pisan ngandharake bab panguripane wanodya tandhak tayub. Panguripan iki dhewe klebu bab susah lan bebungahe paraga utama kang katon ing novel kang diripta dening Tulus S.

Supaya ing bab panguripan iki bisa kawedar kanthi cetha lan gamblang, mula panliten iki diperang kanthi rong sub bab antarane yaiku ngenani panguripan kang nyenengake tumrap wanodya tandhak tayub lan panguripan kang nyengsarakake tumrap wanodya tandhak tayub. Mawas saka novel kang ditliti sajrone panguripan nyenengake tumrap wanodya tandhak tayub iki kaandhar adhedhasar crita katresnane paraga utama kang senadyan panggaweyane minangka ledhek, nanging tetep akeh pawongan kang kepengin dadi sisihane. Saliyane kuwi dheweke uga nduweni trah seni saka wong tuwane. Trah seni klebu dening panguripan nyenengake, awit bisa menehi panyengkuyung tumrap kiprahe ana sajrone kesenian tayub liwat kaprigelan lan kaluwesane.

Dene panguripan kang nyengsarakake tumrap wanodya tandhak tayub salah sijine kawedhar adhedhasar saka panguripane paraga utama kang dicritakake urip ana desa. Saliyane kuwi kango nyukupi kabutuhan saben dinane, wong tuwane uga mung saderma njagakake asile tetanen. Mula uripe sasuwene iki sarwa pas-pasan lan mrihatinake. Bab liyane kang ana sajrone panguripan nyenengake tumrap wanodya tandhak tayub yaiku ngenani crita tresnane paraga utama kang kudu ngiwakake saben pawongan kang ora nyengkuyung marang panggaweyane. Kabeh tumindak kasebut dilakoni awit saka gedhene tekad kango nggondheli siset kabudayane.

#### Panguripan kang Nyenengake

Gegambaran bab panguripane wanodya tandhak tayub iki munjer ing paraga utama kang dicritakake saka novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis*. Paraga utama kang ana sajrone novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S iki kadhapuk kanthi jeneng Lastri. Lastri bisa diarani minangka paraga utama awit ing novel critane mung munjer dening lelakon panguripane wae. Saliyane kuwi sajrone crita uga ngandharake bab panggaweyane Lastri kang minangka jejering panguri-uri kabudayan lan nyoba ngupaya supaya tetep ana ing satengahe masyarakat sing wus antuk pangaribawa saka kabudayan barat.

Nalika nindakake gegayuhane minangka wanodya tandhak sajrone kesenian tayub, ana sawijine lelakon kang nyenengake ing panguripane ledhek Lastri. Panguripan kang nyenenggake iki antarane yaiku nalika dheweke sesrawungan karo paraga kang diarani Widi. Crita kang ana gandheng cenenge karo Widi iki bisa kalebu ing panguripan nyenengake tumrap ledhek Lastri, awit ing kene Widi dicritakake minangka pawongan kang aweh tresna marang ledhek Lastri. Kanggo ngerah atine ledhek Lastri dheweke uga nganti lila legawa saben dina ngeterake lan mapak ledhek Lastri yen lagi oleh calangan ing adoh paran. Widi ing kene isih kalebu priyayi kang diajeni wong akeh, awit bapake nduweni panggaweyan minangka anggota dhewan. Senadyan Widi kalebu priyayi ing tlatah Jawa, nanging Widi nduweni kapribaden kang luhur memper karo Ledhek Lastri. Kapribaden kuwi yaiku nggugemi lan nguri-uri kabudayan mligine ana ing kesenian tayub. Kedadeyan kang ngandhrake ngenani rasa tresnane Widi marang Ledhek Lastri bakal kawawas ing petikan ngisor.

*Pancen ledhek kuwi sing tansah gawe lam-laming atine Widi. Wiwit nalika ketemu ana sajroning pagelaran tayub acara bersih desa ing pundhen Bajang. Pancen Widi kena diarani wong sing tresna marang kabudhayane dhewe. Katitik menawa ana pagelaran tayub, karawitan, wayang lan sapanunggalane dheweke kerep nekani lan ngumpuli..... (LSEGW, 2016: 02-03).*

Petikan ing dhuwur bisa menehi katrangan yen Widi kuwi minangka pawongan gelem ngrungkepi kabudayane, tekade kang luhur tansah ndadekake dheweke gelem jumegur langsung menyang kesenian kasebut. Senadyan satemene dheweke ora luwes nalika mbeksa lan ora bisa nembang, nanging butuhe Widi mung melu supaya tetep ana kang gelem nglestarikake kabudayan.

Anane rasa tresna marang kabudayane kuwi ndadekake Widi tansah kerep sesrawungan karo pawongan-pawongan kang uga nduweni rasa padha kaya dheweke tuladhane kaya pangrawit, ledhek, lan liyaliyane. Sajrone pagelaran tayub ora mung pangrawit wae kang tugase ngregengake pagelaran, nanging ledhek uga nduweni tugas kang padha. Salah sijine cara kang kudu ditindakake supaya bisa regeng yaiku ledhek ing kene dituntut kudu nduweni swara kang endah lan luwes mbeksa. Para ledhek uga dituntut kudu nduweni pasuryan ayu lan badan kang narik kawigaten.

Aturan kang ditindakake sajrone pagelaran kasebut prnyata bisa narik kawigatenane para priya. Mula lumrah yen nganti ana pawongan kang nganti kegawa tresna merga saking kesengseme marang ledhek kaya kang dirasakake dening Widi saiki. Kutipan ing ndhuwur yaiku minangka salah sawijine bukti menawa Widi kegawa tresna marang ledhek merga saking kerepe ketemu ing pagelaran tayub. Wiwit sepisanan ketemu karo ledhek kuwi atine Widi pancen wis kesengsem, bisa dideleng saka tembung lam-laming menehi tandha yen ledhek kuwi kang diangen-angene marang Widi sasuwene iki.

### Panguripan kang Nyengsarakake

Perangan panguripan kang nyengsarakake tumrap ledhek iki ngemu maneka warna crita ngenani susahe urip kang kagambarake dening novel *Ledhek Saka Ereng-Erenge Gunung Wilis*. Ora beda karo bab kang kaandharake sadurunge, ing bab panguripan kang nyengsarakake iki uga mung bakal katitik saka panguripane ledhek Lastri wae.

Panguripan kang nyengsarakake tumrap Ledhek Lastri kawujud nalika Ledhek Lastri kadhapuk minangka pawongan kang urip ana ndesa lan sarwa pas-pasan. Uripe kang sarwa pas-pasan kuwi dadi salah sawijine faktor sajrone dirine Ledhek Lastri kango mergawe supaya bisa mbantu wong tuwane nyukupi kabutuhan saben dina. Dhata-dhata kang nyengkuyung tumrap bab panguripan kang nyengsarakake ledhek bakal diandharake ing ngisor iki.

*Lastri bingung ora bisa kumecap. Kaum tani kuwi ora ala nanging panceñ nasibe sing rada beda. Mbesoke apa bakal bisa ngetutake kabutuhan jaman, mung Gusti Allah wae sing pirsa. Nganti saiki rekasane petani kaya ora ana sing ngerti, kabeh kalah karo sing pinter ngapusi. Adol omong, pamer janji lan tawa program. Petani nasibe ora owah, kasengsasaran mung bisa gawe crita marang lakune jaman. (LSEGW, 2016: 100-101)*

Andharan ing ndhuwur nyetakake bab ekonomine para tani kaya wong tuwane ledhek Lastri. Sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-Erenge Gunung Wilis* dicritakake menawa ledhek Lastri lan wong tuwa kuwi uripe rekasa. Ekonomi kang sarwa pas-pasan ndadekake nasibe rada beda tinimbang pawongan liyane.

Uripe para tani kango rekasa gawe ledhek Lastri mangu-mangu yen mengkone bakal nerusake panggaweyane wong tuwane, awit ledhek Lastri uga sadhar menawa ledhek kuwi ora selawase bisa lestari. Jaman saiki akeh bangsane kang pilih mengo nyawang kesenian njaba tinimbang nguripi kesenian kang sasuwene iki ditinggalake. Dhuit kang ditampa dening ledhek Lastri uga ora sepira, mula nalika nduweni pepenginan apa wae mung bisa ngempet.

### Upaya Kanthi Cara Ora Logis

Perangan ngenani upaya kanthi cara ora logis iki bakal nyritakake ngenani upayane wanodya ledhek kang mambu bab mistik. Sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-Erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S upaya kanthi ora logis digunakake dening paraga utama Lastri. Kaya kang wis diandharake ing analisis sadurung yen Lastri kuwi sejatine minangka wanodya ledhek kang dadi idolane para priya. Bisa diarani kanthi ledhek idhola adhedhasar saka akehe pawongan sing kenal dheweke mligine pawongan kang kerep melu ngregengake tayub mesthi weruh sapa jenenge Lastri kuwi.

Sajrone jagade kabudayan Jawa mligine kesenian tayub, pawongan kang kadhapuk minangka ledhek kuwi panceñ wis dikenal kudu nduweni pasuryan kang ayu lan narik kawigaten. Saliyane kuwi dheweke

uga dituntut kudu bisa mbeksa kanthi luwes lan nembang sing apik. Nanging saka gilir gumantine jaman bakale ana masa ing ngendi ledhek ora diperlukake maneh. Mula kanggo njaga *eksistensine* sajrone dunya tayub para ledhek kerep njaluk pitulungan wong sepuh kang dianggеп mumpuni. Ora beda karo Lastri kang nindakake kapitayan masyarakat sakupenge kanthi njaluk pitulungan marang dhukun. Saliyane dheweke uga antuk pitedah saka wong tuwane kanggo lelakon lan dedonga. Kabeh kuwi dilakoni dening Ledhek Lastri supaya dheweke tetep isa laris ing kesenian tayub, awit dheweke sadhar akeh pacoban-pacobane urip kang bakal nyusutake kiprahe mengkone.

### 1) Njaluk Pitulungan saka Dhukun

Petikan-petikan ing ngisor iki bakal ngandharake bukti anane kapitayan bab mistik kang dilakoni dening ledhek Lastri kango njaga eksistensine ing dunya seni tayub sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-Erenge Gunung Wilis*. Petikan kang miwiti analisis ngenani bab upaya kanthi ora logi iki nyritakake nalika Lastri njaluk pitulungan sesepuh. Ing kene Lastri menehi katrangan yen dheweke kepengin dibalekake kiprahe kaya sadurunge. Cethane dheweke kepengin tanggapane rame maneh kaya biyen.

*"Iki dakwenehi mantrane menawa arep dandan. Age catheten banjur mengko apalna!".....*

*"Niyatingsun ngrembug pupur, melik-melik kaya lintang, warnaku kaya prada binabar, alisku kiwa sri pantes, alisku tengen sri kemat, pipiku kiwa sri suket, pipiku tengen sri pulut, bathukku sri asih, singa ndulu marang aku teka welas teka asih marang ingsun." (LSEGW, 2016: 78)*

Dhata ing ndhuwur minangka salah sawijine wujud saka upaya kang kudu dilakoni dening ledhek Lastri supaya bisa bali kaya biyen. Tuladha kaya maca mantra kang diwenehake dening mbah Wongso kuwi. Mantra iki minangka niyat kang kudu diucapake dening ledhek Lastri saben arep pupuran. Yen diawwas kanthi nalar kang logis kaya-kaya ora mungkin menawa saperang ukara iki bisa menehi pangaribawa tumrap lelakon uripe ledhek Lastri. Nanging kabeh kuwi bisa menehi bebuki saka wujud maneka warna kapitayan masyarakat Jawa kang isih kenthel lan isih kerep ditindakake. Tuladha kapitayan liyane saka masyarakat Jawa kang sasuwene iki isih kerep ditindakake uga diandharake ing dhata ngisor iki.

### 2) Meguru marang Wong Tuwa

Saliyane ngandharake ngenani anane kapitayane masyarakat Jawa kang ditindakake dening para ledhek kalebu ledhek Lastri kango njaluk pitulungan sesepuh kang mumpuni supaya tetep laris. Ing bab iki uga bakal ngandharake ngenani pitedah Pak Ahmad marang ledhek Lastri. Pitedah kasubet nyethakake menawa Ledhek Lastri kudu lelakon lan dedonga ing grojogan Sedudo Kediri. Petikan kang miwiti analisis nyritakake nalika Pak Ahmad menehi

pitedah marang Ledhek Lastri babagan kapitayane masyarakat yen ngandharake grojogan kasebut bisa digawe kanggo reresik awak.

*"Miturut kandhane wong akeh ana kapitayan kanggo ngresiki awakmu. Coba adus ing banyu terjun Sedudo ing tlatah kediri. Mbok menawa bisa ngentas marang awakmu.".....*

*"Menawa padatan saben wulan Suro ana ritual siraman kanggo para ledhek. Nanging sajak rada telat mula malah kepara adusa dhewe sing baku manthengna niyat sucimu.*

*Njupuka dina malem Jemuwah Legi utawa Selawa Kliwon."* (LSEGW, 2016: 79)

Masyarakat Jawa pancen wiwit mbiyen nduweni adat lan istiadat kang isih kenthel lan kerep ditindakake dening masyarakat Jawa jaman saiki. Dhata ing ndhuwur njlentrehake bab kapitayane masyarakat Jawa kang isih kerep ditindakake. Kapiyatan kuwi arupa adus ing banyu terjun Sedudo kaya sing dikandhakake Pak Ahmad.

Pethikan iki uga ngandharakae menawa saben sasi sura ana ritual siraman kang kerep dilakoni dening para ledhek. Siraman kasebut nduweni tujuwan kanggo reresik awak supaya bisa lukar saka pangaribawa kang ala. Saka kapitayan kuwi uga dipercaya dening Pak Ahmad, banjur dheweke ngongkon anake sing uga minangka ledhek supaya gelem nindakake ritual siraman. Amarga sasi sura wis kliwat, Pak Ahmad ngongkon Lastri nindakake siraman ing dina malem jemuwah legi utawa selasa kliwon.

### Upaya Kanthi Cara Logis

Sub bab kaping pindho kang ana ing bab upaya wanodya tandhak tayub sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-Erente Gunung Wilis* iki ngenani upaya wanodya tandhak tayub kang migunakake cara logis. Teges sajrone tembung logis ing kene bisa dimangerteni yen saliyane migunakake cara sajabane nalare manungsa, ledhek Lastri uga kudu lelakon utawa nindakake sawijine bab kanggo mujudake apa kang dadi pangareparepe kasebut. Tuladhane kaya nalika dheweke kudu ngiwakake katresnan lan pilih tetep nguri-uri kabudayane, kudu lunga menyang puwantoro saperlu nggolek pitulungan sesepuh, lan kudu lunga menyang grojogan sedudo kadhiru kanggo reresik awak. Kabeh lelakon lan tumindak kang ditindakake dening ledhek Lastri iki bakal kabuktekae saka petikan-petikan ing ngisor iki.

*Lastri lunga ing dhaerah purwantoro nemoni Mbah Wongso sing dikenal dadi wong tuwa kang mumpuni. Bareng ketemu banjur nyritakna marang lekakone nasibe. ....  
Tekan omah apa sing nate diwelingake Mbah Wongso kabeh dicakake kanthi bener. Pancen sajake ana kasiyate, pranyata tanggapane bisa tambah. ....( LSEGW, 2016: 78)*

Sajrone merjuwangake kabudayane ledhek Lastri ora mung cukup ngiwakake katresnane, nanging dheweke nganti mbelani lunga menyang purwantoro saperlu njaluk pitulungan wong tuwa kang dianggep mumpuni. Tujuwan ledhek Lastri nemoni pawongan

kasebut supaya dheweke bisa tetep laris lan tanggapane bisa nambah kaya sadurunge.

Satekane ing omah dheweke uga banjur niyapake apa kang kudu dilakoni kanthi trep lan laras karo pituduhe wong tuwa kuwi mau. Saka andharan uga nuduhake yen upaya kang dilakoni nganti tekan purwantoro kuwi mau bisa ngasilake lan tanggapane bisa saya tambah. Andharan sabanjure iki uga menehi bebuki saka upaya kang ditindakake dening ledhek lastri kanthi cara logis.

### Citra Wanodya Tandhak Tayub

Citra wanodya tandhak tayub sajrone novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S iki, minangka bab kang paling wigati saka sakabehe wedharan ing sajrone panliten iki. Tembung citra bisa dimangerteni kanthi rupa, gambar utawa gegambaran (KBBI, 2005: ). Laras karo panemune sugihastuti (2003: 07) tembung citra yaiku wujud saka gambaran mental spiritual polah tingkahe wanodya saben dina kang nuduhake rupa lan titikane. Cethane citra wanodya yaiku gambaran pawongan utawa saperangan pawongan ngenani diri sawijine wanodya.

Ngrembag babagan citra, ing panliten iki citra bisa dipernang kanthi rong bagyan. Kaping pisan yaiku citra diri wanodya tandhak tayub kang nyakup aspek fisik utawa raga lan aspek psikis utawa diarani batin. Dene kaping pindhone yaiku citra sosial kang diperang kanthi citra wanodya sajrone kulawarga lan citra wanodya sajrone masyarakat (Sugihastuti, 2003: 7). Adhedhasar kajiane citra wanodya bakal kang dirembag yaiku ngacu ing citra paraga utama sajrone novel *Ledhek saka Ereng-Erente Gunung Wilis* anggitane Tulus S iki.

#### 1) Citra Dhiri Wanodya Tandhak Tayub

Sajrone novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S iki bakal dianalisis ngenami citrane paraga utama kang disuguhake. Kanggo gampangake sawijine panliten, panlti merang citra dhiri wanodya kanthi rong aspek antarane citra dhiri awujud aspek raga lan citra dhiri awujud aspek psikis.

##### a. Citra Dhiri Awujud Aspek Raga

Citra raga utawa bisa dimangerteni citra fisik bisa diandharake kanthi gambaran raga wanodya kang ana gandheng cenenge karo pangrembakane tindhantandhuke. Sajrone novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S iki nyacup citrane paraga Lastri. Paraga Lastri ing sajrone crita kadapuk minangka paraga utama kang bakal dianalisis. Ing kene paraga Lastri dicritakake nduweni panggaweyan minangka wanodya ledhek sajrone pagelaran tayub. Dhata ing ngisor iki bakal menehi bebuki saka aspek rag utawa fisik sing diduweni dening Ledhek Lastri lan wus diakoni dening saperangan pawongan sakupenge.

*Gendhing orek-orek kang metu saka lambe nyigar jambe, abang mbranang tansah merak ati. Tungkake katon lir jinangka bangkekane nawon kemit dhasar luwes tur pantes minangka panganggone busana. Payudharane nyengkir gadhing kaya arep njebol-njebolna kebaya sing dienggo. Sanggul*

*tinata patut rinengga ing sesekaran kang nambah kasulistyaning. Pakultane kuning resik. Anggone mbeksa sajak luwes gawe bungahe kang padha nyawang. (LSEGW, 2016: 01)*

Minangka wanodya tandhak tayub, pasuryan ayu salah sawijine bab kang wigati kang kudu diduweni dening para ledhek. Sajrone bab iki pangripta mujudake kaendahane wanodya kang kerep didadekake objek dening para priya. Wanodya ledhek ing novel *Ledhek Saka Ereng-Erenge Gunung Wilis* diwakili paraga Lastri.

Kaya kang tinulis ing ndhuwur Lastri nduweni pawakan kang merak ati. Didhasari saka lambene kang nyigar jambe, tungkake katon lir jinangka, bangkekane nawon kemit, payudharane nyengkir gadhing, nganti pakultane kang kuning resik bisa dadi tuladha sakabehe kaendahan kang timplek ing pawakane ledhek Lastri. Saengga ora nggumunake menawa ledhek Lastri kuwi minangka ledhek idola kang nduweni daya nesarik kawigatene liyan mligine priya.

#### b. Citra Dhiri Awujud Aspek Psikis

Saliyane maparake ngenani aspek raga sajrone bab citra dhiri kang diduweni dening paraga utama. Kanggo luwih nglengkapi sawijine paliten kang dianakake dening panliti, bakal diandharake uga sub bab ngenani citra dhiri awujud batin kang diduweni dening paraga Lastri. Merga wanodya kuwi kalebu dening makhluk kang diriptakake nduweni rasa-pangrasa, pamikiran, aspirasi, lan pepenginan luwih landhep tinimbang priya. Saka citra batin iki bakal nuduhake gambarake kekuatan emosi kang diduweni dening wanodya ledhek sajrone crita liwat pethikan-pethikan ing ngisor iki.

*Lastri durung bisa nata pikirane, ngelingi marang pangaweyane. Jenenge ledhek ana ngendi kerep diarani wong sing kurang becik, ana sing ngarani wanodya lemer, geleman lan liya-liyane. Pancen selawase iki Lastri ora nggasas panemu-panemu kang kaya ngono kuwi. Butuhe dheweke nyambut gawe lan bisa njaga dhiri. Nanging bareng sing nyedhaki ustaz, rasane ana sing beda mungguh atine. Sajak rumangsa aneh lan ora sabaene. Aja maneh ustaz padatan sing jenenge santri apa wong sing sabane turut mesjid wae menawa ketemu bangsane ledhek kaya ngedoh-edoha pancen atine kaya ora percaya. (LSEGW, 2016: 25)*

Sajrone urip bebrayan rerasan bab ala ngenani panguripane liyan kuwi kaya-kaya wis dadi kabiyasan kang lumrah ana satengahing masyarakat. Ora beda kaya bebrayan sakupenge Lastri, panguripane Lastri kerep dadi objek kang gayeng kanggo pirembugan mligine marang pangaweyane kang minangka wanodya ledhek. Pancen nganti dina iki wanodya ledhek isih dianggep minangka wanodya kang kurang becik, wanodya geleman, wanodya lanyah, lan sapanunggalane. Mula ora selak yen panyaru-panyaru kasebut banjur ndadekake atine Lastri mungkret. Tuladhane nalika

dheweke ditresnani dening ustaz, Lastri ngerti yen ledhek kuwi ora pantes jejer karo ustaz miturute masyarakat. Saliyane kuwi panyaru iki uga gawe pikiran ora jenak lan nuwuake rasa waspada kang gedhe tumrap dirine. Saben lelakon kang ditandangi tansah sarwa dingati-atи supaya ora nuduhake tumindak kang ora kepenak nalika disawang dening liyan.

Rasa pangrasa kang dirasakake dening Lastri uga dicethakake ing pethikan ndhuwur. Sakabebe ukara kasebut menehi gegambaran nyata, yen ta sasuwe iki Lastri kuwi uripe ora tentrem awit saka kerep keprungune unen-unen kang ora kepenak tumrap pangaweyane. Ora mung ing panguripan saben dinane, panyaru kasebut uga menehi pangaribawa tumrap rasa pangrasa ing bab katresnan. Ukara ing nduwur nuduhake menawa satemene Lastri kuwi demen karo pawongan kang nduweni gelar ustaz kuwi, nanging dheweke mawas dhiri dheweke kuwi sapa. Lastri uga rumangsa ing masyarakat ledhek kuwi ora pantes sesandhingan karo ustaz. Sejene merga ledhek kerep nerak paugeran agama, batine antara ledhek lan ustaz wae wis cetha beda. Rasa sadhar diri iki uga dilairake dening Lastri liwat omongan nalika cecaturan karo pawongan kang cethakake tresnane marang dheweke.

#### Citra Sosial Wanodya Tandhak Tayub

Saliyane nganalisis bab citrane wanodya adhedhasar dhiri pribadi, kanggo njangkepi dumadine panliten kang laras karo paugeran, uga bakal diandharake apa wae citra sosial kang kagambar sajrone novel LSEGW anggitane Tulus S. Bab citra sosial wanodya tandhak tayub iki uga kapunjerake ing paraga utama wae. Sajrone bab iki panliti uga merang citra sosiale wanodya kanthi rong bagyan yaiku citra wanodya sajrone kulawarga lan citra wanodya sajrone masyarakat.

##### 1) Citra Sosial sajrone Kulawarga

Andharan ing bab iki bakal ngrembak ngenani panemune kulawarga marang wanodya ledhek tayub. Merga sajrone novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S iki, Paraga Lastri kang nduweni pangaweyan ledhek dicritakake minangka anak tunggal saka Pak Ahmad lan Mbok Muh. Mula kango bakal dianalisis sajrone sub bab iki uga mung saka pethikan-pethikan kang diandharake dening Pak Ahmad lan Mbok Muh wae.

*Rasa sokur Pak Ahmad lan Mbok Muh dene Lastri nyambung marang panguripane. Umpama arep njagaake anggone tetanen mesthi wae ora cukup. Nanging Pak Ahmad lan Mbok Muh ora bisa njagaake Lastri wae, awit ngrumangsni kabutuhan bocah saiki saya dhuwur. Lastri bisa nyukupi kabutuhan dhewe wae wong tuwane wis sokur. Nanging jeneng anak ora bakal tegel nyawang kahane wong tuwa. Saben bali tanggapan ora ketang satus utawa rongatus ewu mesthi tudhun. Dhuwit kuwi diklumpukna karo Mbok Muh*

kanggo tuku rabuk lan blanja saben dinane.(LSEGW, 2016: 122)

Nduweni anak kang bisa urip mandhiri ing umure kang isih enom kuwi pance minangka sawijine bab onjo kang bisa gawe mongkoking ati saben wong tuwa. Kaya lumrahe wong tuwa liyane Pak Ahmad lan Mbok Muh uga ngrasakake bombong nduweni anake sing bisa nyukupi kabutuhane dhewe kaya ledhek Lastri. Rasa sokure marang Gusti ora kapung-kapung diucapake kanggo nuduhake sepira gedhene bebungah kang wus ditampa liwat anake kuwi, merga dheweke sadhar yen mung njagakake asiling tetanen wae mesthi ora bakal bisa nyukupi kabutuhane sakulawarga. Ledhek Lastri pance nduweni kapribaden kang mandhiri, iki bisa katon merga saka sepisanan dheweke mergawe dadi ledhek, dheweke mesthi menehake asile ora ketang mung sithik marang wong tuwane. Kanggone Pak Ahmad lan Mbok Muh dheweke kuwi pance minangka panyambung urip tumrap kulwargane. Lastri lila legawa mergawe budhal wengi nganti mulih isuk mung supaya bisa aweh pambiyantu marang wong tuwane.

Senadyan ta ngono, Pak Ahmad lan Mbok Muh ora gelem dadi beban pikirane ledhek Lastri. Awit mangerten yen kabutuhane bocah saiki saya suwi mesthi bakal saya akeh lan saya rena- rena, kamangka Pak Ahmad lan Mbok Muh ora bisa nuruti apa kang dadi kaperluwane anake. Kanggone Pak Ahmad lan Mbok Muh, anake bisa nyukupi kabutuhane dhewe liwat kaprigelan kang diduweni wae wis minangka kanugrahan sing gedhe. Nanging ledhek Lastri kuwi pance nduweni kapribaden kang bekti marang wong tuwa. Gegambaran saka bektine ledhek Lastri tumrap wong tuwane yaiku nalika dheweke ora tegel nyawang kahanane wong tuwa lan mesthi meneh sitik saka asile nyambut gawe. Saka tumindake ledhek Lastri kang migatekake kulawarga tansah Pak Ahmad lan Mbok Muh ngajeni banget saben putusan-putusan kang ditindakake dening Lastri. Mawas saka tumindakake wong tuwa liyane kang ora tega nyawang anake kudu ngrasakake susahe nggolek dhuwit ing umure kang isih enom.

## 2) Citra Sosial sajrone Masyarakat

Kaya sub bab sadurunge, sub bab iki uga ngandharake ngenani pambijine masyarakat sakupeng tumrap panggaweyan lan dhiri wanodya ledhek sasuwene iki. Nanging merga masyarakat kuwi cacahe ana akeh, semono uga pambiji lan panemune kang bedabeda. Mula kanggo nggampangake panliti nindakake analisis lan nggampangake pamos kanggo mangerten kepriye isi kang bakal diandhar. Sub bab citra sosial wanodya tandhak tayub iki bakal kaperang kanthi rong bagyan yaiku apik lan ala.

Panganggep ala ngenani wanodya ledhek iki biyasa mung mandeng wanodya kasebut saka sasisih pamawas wae. Saliyane kuwi pawongan sing biyasa nganggep ala marang ledhek, uga bakal meneh pambiji kang ala marang saben tumindak kang dilakoni wanodya kasebut. Beda adoh karo masyarakat kang nganggep yen sejatine panggaweyan ledhek kuwi minangka panggaweyan kang luhur. Pawongan kang duweni

panemu kaya mangkono bakale luwih ngregani lan ngajeni saben tumindak kang dilakoni dening wanodya ledhek, awit dheweke uga bakal nganggep menawa ledhek kuwi minangka perantara saka Dewi Sri. Andharan saka panganggep ala lan apik bakal djlentrehake ing wedharan ngisor iki

### a) Panganggep Ala Ngenani Wanodya Tandhak Tayub

Pangrembakane panganggep ala tumrap wanodya ledhek utawa tandhak tayub sasuwene iki tansah mbalung sungsum ing atine bebrayan agung. Ing ngendi wae papan dununge, wanodya ledhek pance wis dianggep minangka wanodya lanyah. Kadhang kala malah nganti ana sing nganggep wanodya kasebut ora nduwe aji lan pantes diasorake. Pethikan-pethikan kang bakal dianalaisis ing ngisor iki minangka bukti anane panganggep ala tumrap ledhek kang kagambar sajrone novel.

*"Kowe arep dadi bocah piye, menawa klakon rabi ledhek saben dina guru rabimu mung diemek-emek wong liya. Apa kowe banjur trima. Dadi bocah kok goblok. Isih akeh wanodya liya kang bisa kok ajak urip bebarengan. Dadak milih ko ledhek, utekmu kok deleh ning endi ta Wid? . . ." (LSEGW, 2016: 10)*

Panggaweyan minangka wanodya panguri-uri kabudayan kuwi pance kaledu panggaweyan kang luhur, awit saliyane merga ora akeh sing gelem nindakake panggaweyan kasebut. Kesenian tinggalane leluhur masyarakat Jawa iki uga dianggep kuna lan kerep dianggep neraki paugeran agama dening masyarakat jaman saiki. Andharan kang bakal dianalisis iki minangka salah sawijine bukti anane panganggep ala saka masyarakat tumrap wanodya ledhek.

Paraga kang kalebu masyarakat Jawa lan uga anggep ala ngenani wanodya ledhek yaiku paraga Mbok Santri. Paraga Mbok Santri kadapuk minangka ibune widi kang ora setuju marang anake kang nandang tresna karo wanit ledhek. Miturut Mbok Santri ledhek kuwi wanodya sing geleman. Awit yen lagi ngayahi gegayuhane minangka wanodya ledhek ing satengahe pagelaran tayub, dheweke kudu gelem dadi objeke para priya. Tegese dheweke kudu gelem dadi sesenggolane priya, kudu gelem nampa saweran kang dislempitake ing satengahe kembern dening priya, lungguh ing pangkone priya nalika ngajak beksa, lan liya sapanunggalane. Priya kang gelem dadi gegandhengane wanodya ledhek uga dianggep priya sing kurang pinter kanggone Mbok Santri, merga isih akeh wanodya liya sing panggaweyane luwih aji nanging dheweke luwih milih wanodya ledhek. Saka ukarane uga ngandharake yen ing ngendi wae papane panganggep ala ngenani wanodya ledhek kuwi wis mbalung sungsum ing manuhe para bebrayan Jawa. Dhata sabanjure iki uga isih ngandharake ngenani panganggepe ibune widi tumrap wanodya ledhek.

### b) Panganggep Apik Ngenani Wanodya Tandhak Tayub

Sajrone panguripane manungsa pance diparingi kanugrahan gedhe saka Gusti kawujud pikiran

lan rasa-pangrasa. Bisa diarani kalebu ing kanugrahan gedhe awit sajrone pamikiran lan rasa-pangrasa, Gusti kang Murbahing dumadi ora tau maring winatesan-winatesan kanggo manungsa gambarake bab kasebut saka dirine. Tuladhane kaya pamikiran saka saperangan masyarakat kang mawas ngenani panggaweyane wanodya ledhek ora mung ing njaba wae. Nanging uga saka sakabahe bagyan, perlu ditimbangake supaya antuk pambiji kang gumathok tanpa ngira-ira kanggo mangerteni kepriye kedadeyan satemene. Panganggep apik ngenani wanodya ledhek sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-Erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S iki minangka eksprese saka masyarakat kang kagambar sajrone novel lan bakal dianalisis kanthi cetha kaya ngisor iki.

*"mbok ledhek kuwi ora nistha, ora maling, ora ngapusi nangingadol kapinteran lan kaprawiran. Apa seneng menawa simbok dadi bojone wong sing seneng korup, seneng maling. Luwih aji ngendi wong sing korupsi karo ajine ledhek?"* (LSEGW, 2016: 10)

Saben pawongan pancep nduweni pambiji kang beda tumrap panguripan liyan gumantung karo panyawang lan panemune dhewe-dhewe. Tuladhane kaya ing pethikan iki ngrengbag babagan pambijine Widi tumrap wanodya ledhek kaya Lastri miturut pamawase. Dhata iki diarani kalebu dening pambijine wanodya ledhek awit sajrone pethikan Widi mbandhingake panggaweyane sawijine ledhek karo pawongan sing seneng korupsi. Dideleng saka pethikan kang kagambar, nalika kuwi Widi lagi nerangake kepriye satemene panggaweyane ledhek satengahe kesenian Tayub sasuwene iki. Miturute Widi wanodya kang nlateni panggaweyane minangka ledhek kuwi dudu pawongan sing nistha, awit wanodya kasebut ora maling lan uga ora ngapusi liyan. Wanodya-wanodya kasebut mung kepengin adol kapinteran lan kaprawirane sing ora diduweni dening sakabehe wanodya reiptane Gusti kang Murbahing Dumadi. Saliyane kuwi panggaweyan ledhek uga bisa kalebu ing panggaweyan kang aji tinimbang panggaweyane pawongan sing senengane korupsi lan minteri wong liyan. Widi uga njlentrehake menawa satemene ledhek kango dianggep ala kuwi ledhek kang nerak wewaler.

## PANUTUP

### Dudutan

Saka asile panliten iki nuduhake gegambarane citrane wanita tandhak tayub kang ana sajrone novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S. Paraga kang bakal dadi punjere crita ing novel LSEGW diwastani kanthi jeneng Lastri. Lastri iki dhewe yaiku paraga utama sajrone crita kang nduweni panggaweyan minangka wanita ledhek. Sajrone mujudake panliten kang ngandharan citrane wanita ledhek, panliti migunakake tintingan feminismé liberal kanggo medhar dhata sajrone analisis, awit ora ngandut crita kang *ekstrim*. Saliyane kuwi sesrawungan antara priya lan wanita, semono uga gegayutane antara masyarakat siji lan sijine sajrone crita isih raket kanthi becik.

Mawas saka panliten kang wus ditindakake bisa didudut menawa sajrone panguripane Lastri bisa diperang kanthi loro yaiku panguripan kang nyenengake lan panguripan kang nyengasarake. Sajrone panguripan nyenengake dheweke nduweni trah seni kang bisa ngangkat kiprah minangka wanita ledhek, senadyan uga akeh sing ngasorake nanging isih tetep akeh pawongan sing kepengin ngepek atine. Dene ing panguripan nyengasarake bisa kawujud merga dheweke kuwi mung saderma anake tani kang uripe sarwa pas-pasan ing desa. Nanging Saking gedhene tekad kanggo nggondheli gegayuhane minangka wanita ledhek, Lastri nganti nglakoni sakabehe cara kango merjuwangake tekad. Cara kasebut antarane yaiku cara kango logis lan cara kango ora logis. Tuladha perjuwangan migunakake cara kango logis kaya goleki pawongan sing kerep menehi calangan, adus banyu grojogan kanggo reresik awak, lan liya sapanunggalane. Ing perjuwangan kanthi cara ora logis tuladhane kaya ngucap mantra sadurunge pupuran, ngebong menyang ing sandhuwure watu gedhe, lan sapanunggalane.

Citra wanita ledhek kang kagambar sajrone crita uga diperang kanthi loro yaiku citra dhiri lan citra sosial. Ing citra dirine dheweke kagambara minangka pribadi wanita kang nduweni wadhas ayu, luwes mbeksa, pinter nembang lan isih enom. Saliyane kuwi uga nduweni tekad gedhe kanggo mujudake pepenginan, ora nate mundur nalika nampa pacoban, nanging uga kerep nandang beban merga diasorake. Sajrone citra sosial kang mligi ing kulawarga dheweke kagambar minangka wanita kang mandhiri, kukuh nggondheli tekad, gati marang wong tuwa lan liya sapanunggalane. Yen ing masyarakat, dhewek nduweni rong citra yaiku citra apik lan uga ana citra ala. Miturut panyawange pawongan kang nganggep ledhek kuwi apik tansah gawe semangat Lastri, beda karo panganggep ala tumrap ledhek kango dianggep ala kuwi ledhek kang nerak wewaler.

### Pamrayoga

Novel *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus S minangka salah sawijine reiptan fiksi kang ngandhut pitutur becik. Pitutur kang kinadhut sajrone novel iki yaiku wanita sejatine bisa mandhiri tanpa gumantung karo priya lan kulawarga. Saliyane kuwi nalika nduweni gegayuhan luhur aja nganti mundur wedi merga saka akehe pacoban kang nyoba nggogrogake tekad. Kudu pinter-pinter milih endi dalam sing becik kanggo ditindakake lan ora grusa-grusu anggone mutusake sawijine bab. Panliten iki mligi salah sawijine panliten kang nyoba menehi oncekan marang sawijine reiptan fiksi amrih pamaos bisa luwih gampang anggone mangerteni lan njarwakake crita sajrone reiptan fiksi. Sajrone panliten iki uga isih ana kekurangan-kekurangan. Mula, panliti nyuwun pamrayoga saka para pamaos amrih sampurnane panliten iki.

### KAPUSTAKAN

Anshori, Dadang S. dkk., *Membincangkan Feminisme:*

*Refleksi Muslimah Atas Peran SosialKaum Wanita*, Bandung: Pustaka Hidayah, 1997.

- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Arbani, Armini. 2007. *Citra Wanita Pekerja dalam Novel-Novel Indonesia: Analisis Kritik SastraFeminis*, Padang: Nailil Printika Yogyakarta.
- Budianta, Dkk. 2003. *Membaca Sastra (Pengantar Memahami Sastra untuk Perguruan Tinggi)*. Magelang: Indonesia Tera.
- Darni. 2007. *Bahan Ajar Perempuan dalam Kritik Sastra*. Surabaya: Unesa University Press.
- . 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik sastra)*. Unesa University Press.
- Djajanegara, Soenarjati. 2000. *Kritik Sastra Feminis Sebuah Pengantar*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Departemen Pendidikan Nasional. 2001. Kamus Besar Bahasa Indonesia. Jakarta: Balai Putaka.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metode Penelitian Sastra: epistemologi, model, teori, dan aplikasi*. Yogyakarta: Media Press.
- Hollows, Joanne. 2010. *Feminisme, Feminitas, & Budaya Populer*. Yogyakarta: Jala Sutra
- Irianto, Sulistyowati. 2008. *Perempuan dan Hukum: Menuju Hukum yang Berperspektif Kesetaraan dan Keadilan*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia, IKAPI
- Koentjaraningrat, 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Putaka
- Koentjaraningrat, 1987. *Kebudayaan, Mentalitas, dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia
- Mulawarman, Widayamike Gede. 2016. *Pengantar Gendder dan Feminisme: Pemahaman Awal Kritik Sastra Feminisme*. Yogyakarta: Garudhawaca.
- Nurgiantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- . 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Ollenburger, Jane C. & Helen A. Moore. *Sosiologi Wanita*. Terjemahan oleh Budi Sucayahono & Yan Sumaryana. 2002. Jakarta : Rineka Cipta.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika : Kajian Puitika Bahasa, Sastra, Dan Budaya*. Yogyakarta: Pusaka Pelajar.
- . 2013. *Penelitian Sastra: Teori, Metode, dan Teknik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rokhmansya, Alfiyan. 2016. Pengantar Gender dan Feminisme : Pemahaman Awal Kritik Sastra Feminisme. Yogyakarta: Garudhawaca
- Sugihastuti & Suharto. 2010. *Kritik Sastra Feminisme : Teori dan Aplikasinya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sugihastuti. 2013. *Bianglala Perempuan dalam Sastra*. Yogyakarta: A.Com Advertising Yogyakarta.
- Sugihastuti. 2003. *Feminisme dan Sastra: Menguak Citra Perempuan dalam Layar Terkembang*. Yogyakarta: Katarsis
- Susanto, Budi (edz.), 1992. *Citra Wanita dan Kekuasaan (Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Tim Penyusun Kamus Pusat Bahasa. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Tong, Rosemarie Putnam. 2006. *Feminist Thought*. Terjemahan oleh Aquarini Priyatna Prabasmoro. Yogyakarta: Jala Sutra.
- Wiyatmi. 2006. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka
- Darni, D. (2012). Dukungan Tokoh LakiLaki Terhadap Feminisme Dalam Fiksi Jawa Modern Bertema Kekerasan. *ATAVISME*, 15(2), 221-234.
- Suwarni, S., & Sulistiani, S. (2017). Kekhasan Cerita Pendek Jawa Modern (Cerkak) Abad 21: Kajian Idealisme Pengarang Dan Karakteristik Karyanya. *Jurnal Pena Indonesia*, 2(2), 119-135.

CITRA WANODYA TANDHAK TAYUB SAJRONE NOVEL LEDHEK SAKA ERENG\_ERENGE GUNUNG WILIS  
ANGGITANE TULUS S. (TINTINGAN FEMINISME LIBERAL)

Darni, D. Fenomena Perdagangan Perempuan Dalam  
Fiksi Jawa Modern. *Litera*, 12(01).

